# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

देस क सतहत्तरवां गणतंत्र दिवस प्रदेस भर में उछाह के माहौल में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर आजु भिन्नहीं प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल विधानसभा के सामने तिरंगा फहरउलिनि आ परेड क सलामी लिहलिनि। येह दौरान झांसी निकारल गइल, जेहमें प्रदेस के विकास अउर सांस्कृतिक बिरासति क झलक देखाई परल। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सरकारी आवास पर राष्ट्रीय ध्वज फहरवलें अउर प्रदेसवासियन के गणतंत्र दिवस क सुभकामना दिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि–

***आज ही के दिन, 1950 में, भारत का संविधान लागू हुआ था। 76 वर्ष की इस यात्रा में अनेक उतार–चढ़ाव हमारे इस संविधान ने देखे हैं। लेकिन, इस सबके बावजूद, श्एक भारत श्रेष्ठ भारत के अपने संकल्पों के अनुरूप, उत्तर से दक्षिण तक, पूरब से पश्चिम तक, प्रत्येक भारतवासी के गौरव, भारत की एकात्मता और अखंडता के लक्ष्य को आगे बढ़ाते हुए, आज हम सब एक नए भारत का दर्शन कर रहे हैं, जिसमें हमारे इस संविधान की एक महत्वपूर्ण भूमिका है।***

मुख्यमंत्री राष्ट्रपिता के यादि करत कहलें कि उनके अगुआई में स्वाधीनता आन्दोलन के नया ऊंचाई मिलल। श्री योगी भारत के संविधानसभा क पहिला अध्यक्ष अउर पहिला राष्ट्रपति डॉक्टर राजेन्द प्रसाद, संविधान शिल्पी बाबा साहब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर, लौहपुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल अउर नेताजी सुभाष चन्द्र बोस के सथहीं आजादी खातिर सब कुछु न्यौछावर करे वाले भारत क स्वाधीनता संग्राम सेनानियन के स्मृति के नमन कइलें अउर उन्हें सरधांजलि दिहलें।

श्री योगी राष्ट्र के नायकन क ध्येय राष्ट्र प्रथम क जिकिर करत कहलें कि येह भाव क दस्तावेज संविधान के रूप में हम्मन के सामने बा। ई देस के संकल्प के आगे बढ़वले में मददगार साबित होई।

**********

राज्य के सज्जो पूरबी जिलन में गणतंत्र दिवस के मौका पर मंत्री अउर प्रसासनिक अधिकारी ध्वज फहरा के येह राष्ट्रीय पर्व के मनवलें। मऊ जिला में नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा पुलिस लाइनि में झंडा फहरवलें। वाराणसी में स्टाम्प अउर पंजीयन राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवाल गणतंत्र दिवस समारोह में सामिल रहलें। अजोध्या के पुलिस लाइनि में आबकारी मंत्री नितिन अग्रवाल ध्वज फहरा के परेड क सलामी लिहलें। जौनपुर के गणतंत्र दिवस समारोह में राज्य मंत्री गिरीश चन्द्र यादव अउर चन्दौली में श्रम आ सेवायोजन मंत्री अनिल राजभर मौजूद रहलें। गोरखपुर के पुलिस लाइनि में प्रदेस सरकार क जल शक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह तिरंगा फहरवलें अउर परेड क सलामी लिहलें। आकाशवाणी के गोरखपुर केन्द्र में केन्द्र निदेशक अभियांत्रिकी राहुल सिंह ध्वज फहरवलें। इस मौका पर क्षेत्रीय समाचार एकांश क प्रमुख प्रेम चन्द्र गुप्ता के ले के केन्द्र क अधिकारी आ करमचारी मौजूद रहलें। प्रदेस के सज्जो स्कूलन में येह राष्ट्रीय पर्व पर झंडा फहरवले के बाद देसभक्ति से भरल सांस्कृतिक आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सरकारी आवास पर ओह कलाकारन क सम्मान कइलें, जे सतहत्तरवां गणतंत्र दिवस समारोह के मौका पर कई गो राज्यन के कला अउर संस्कृति से जुड़ल प्रस्तुति दिहलें। सम्मान के बाद मुख्यमंत्री कलाकारन से बतियावलें, उनके प्रस्तुति क सराहना कइलें अउर उन्हें प्रदेस भ्रमण क न्यौता दिहलें। मुख्यमंत्री उत्तर प्रदेस के ले के कुलि दस राज्यन क अट्ठारह समूहन के दुइ सौ एकसठ कलाकारन के सम्मानित कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेस देस क सबसे बेसी अबादी वाला राज्य होखले के सथहीं आध्यात्मिक धारमिक अउर सांस्कृतिक बिरासति क भूमि हौ। एइजा देस के सज्जो राज्यन से लोगि आवे लें अउर एक भारत श्रेष्ठ भारत के बिचार के मजबूत करे लें।

**********

राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू आजु नई दिल्ली में कर्तव्य पथ पर आयोजित गणतंत्र दिवस समारोह में लखनऊ क रहवइया ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के देस क सर्वोच्च शान्तिकालीन वीरता पुरस्कार अशोक चक्र से सम्मानित कइलिनि। ग्रुप कैप्टन शुभांशु इंटरनेशनल स्पेस स्टेशन पर कदम रक्खे वाला पहिला भारतीय हवें। उहां के जून दुई हजार पच्चीस में एक्सीओम–फोर मिशन के तहत अट्ठारह दिन क अंतरिक्ष जतरा कई के इतिहास रचले रहलें।

**********

लखनऊ के इंदिरा गांधी नक्षत्रशाला में आजु थ्रीडी फिल्म 'द मून मिशन इंडियाज जर्नी टू द मून' के लांच कइल गइल। फिल्म के लांच कइले के बाद विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी विभाग क प्रमुख सचिव अउर विज्ञान आ प्रोद्योगिकी परिषद क महानिदेसक पंधारी यादव कहलें कि ई फिल्म देस के अंतरिक्ष उपलब्धियन पर आधारित वैज्ञानिक प्रस्तुति हौ। ई जन सामान्य, विद्यार्थियों अउर विज्ञान में रूचि रक्खे वाले नागरिकन खातिर ढेरे प्रेरणादायी सिद्ध होई। उहां के बतउलीं कि ई फिल्म देस में पहली बेरि लांच कइल गइल हौ। बहुत जल्दिये येके गोरखपुर अउर रामपुर के नक्षत्रसाला में भी उपलब्ध करावल जाई।

**********